



# The Commonwealth of Massachusetts

## DEPARTMENT OF PUBLIC UTILITIES

### ANONS

POU: D.P.U. 21-50/EFSB 21-01 Lis Distribisyon

MOUN KI: Laurie Ellen Weisman, Avoka Prensipal, Depatman

FÈ L: Scott Seigal, Ajan Odisyon, Depatman

Donna Sharkey, Ajan ki Prezide a, Konsèy Etablisman Enèji a

KONSÈNAN: Pwosesis pou Enfòme Piblik la e Chèche Patisipasyon yo, D.P.U. 21-50  
Enfòme e Ogmane Patisipasyon Piblik la, EFSB 21-01  
Regleman pou Rankont Planifikasyon an ak Kritè pou Prezantasyon

DAT: 9 Out 2022

KOPI POU: Mark Marini, Sekretè Depatman an

Joan Foster Evans, Avoka Jeneral, Konsèy Etablisman Enèji

Sandra Merrick, Avoka Jeneral Adjwen, Depatman

---

THIS IS AN IMPORTANT NOTICE. PLEASE HAVE IT TRANSLATED. ESTE É UM AVISO IMPORTANTE. QUIERA MANDÁ-LO TRADUZIR. ESTE ES UN AVISO IMPORTANTE. SIRVASE MANDARLO TRADUCIR. QUESTA È UN'INFORMAZIONE IMPORTANTE, SI PREGA DI TRADURLA. 此为重要通知。请加以翻译。 ĐÂY LÀ MỘT THÔNG BÁO QUAN TRỌNG. XIN HÃY DỊCH NÓ. SA SE YON ANONS ENPÒTAN. TANPRI, FÈ YO TRADUI L POU OU. KEL LI E UN AVIZU IMPORTANTI. FAVOR MANDA TRADUZIL.

#### I. ENTWODIKSYON

Nan dat 19 jiyè 2022 a, Depatman an ak Konsèy la te pibliye yon Anons yon Ajan Odisyon te fè ki te anonse yon rankont vityèl k ap fèt pou jwenn kontribisyon moun ki enplike yo sou ki jan pou n fè anons piblik nou konn fè yo pi vizib ak ki jan pou n ede piblik

la ak moun ki envèsti yo pi enplike nan pwosedi nou yo. Anons sa a gen pwogram nan, detay sou ki jan pou asiste l, ak regleman pou n suiv pandan rankont lan.

## II. RANKONT POU MOUN KI ENVÈSTI YO

Depatman an ak Konsèy la pral fè rankont pou moun ki envèsti yo nan dat 25 out 2022 a. W ap jwenn pwogram nan pou rankont lan nan Seksyon IV pi ba a. Piske toujou gen enkyetid parapò ak pandemi COVID-19 la, Depatman an ak Konsèy la pral fè rankont planifikasyon an sou Zoom pa mwayen video konferans. Nenpòt moun gendwa patisipe nan rankont layv la lè 1 itilize lyen sa a, <https://us06web.zoom.us/j/87218411279>, avèk yon òdinatè, yon telefòn entelijan, oswa yon tablèt. Ou pa bezwen telechaje okenn lòt lojisylè. Pou w patisipe nan rankont lan avèk odyo sèlman, rele nan (646) 558-8656 (nimewo a pa san frè), apre sa mete nimewo ID reyinyon an (Meeting ID#), ki se 872 1841 1279.

Rakont planifikasyon sa a pral disponib ann anglè, ann espanyòl, nan pòtigè, an kreyòl ayisyen, nan chinwa senplifye, ak nan viyetnamyen. Pou w jwenn sèvis entèprèt pandan rankont lan, klike sou bouton ki di “Entèprèt” la (ki gen ti imaj yon glòb ) sou meni ki anba ekran Zoom nan, apre sa chwazi lang ou bezwen an. Pou w mande sèvis nan yon lòt lang, kontakte Laurie Ellen Weisman, Ajan Odisyon, nan [laurie.e.weisman@mass.gov](mailto:laurie.e.weisman@mass.gov), Scott Seigal, Ajan Odisyon, nan [scott.seigal@mass.gov](mailto:scott.seigal@mass.gov), oswa Donna Sharkey, Ajan Odisyon, nan [donna.sharkey@mass.gov](mailto:donna.sharkey@mass.gov). Pou w mande materyèl nan fòma ki apwopriye pou moun ki gen andikap (Bray, gwo lèt, fichye elektwonik, fòma odyo), kontakte Melixza G. Esenyie, Responsab ADA (Lwa sou Amerkien ki gen Andikap) ak Divèsite nan Biwo Egzekitif Enèji ak Zafè Anviwònman an nan [Melixza.Esenyie2@mass.gov](mailto:Melixza.Esenyie2@mass.gov) oswa nan 617-626-1282.

## III. PWOGRAM RANKONT LAN

Depatman an ak Konsèy la te tabli pwogram ki vin apre a. Chak sijè pral kòmanse avèk yon ti prezantasyon moun ki deziyen an pral fè.<sup>1</sup> Ajan Odisyon an gen dwa revize pwogram nan selon bon jijman l.

---

<sup>1</sup> Lefètke nou chwazi tèl ou tèl patisipan, sa pa vle di Depatman an oubyen Konsèy la apiye pwennvi oswa opinyon prezantè a.

PWOGRAM

9:30 – 9:50	Entwodiksyon Depatman an ak Konsèy la ap fè
9:50 – 12:30	Sijè 1: Amelyore komunikasyon ak kliyan, òganizasyon ki nan kominote a, ak chèf ki nan gouvènamn lokal la, yon fason pou plis moun posib enplike nan pwosedi nou yo.
12:30 – 1:15	Ti poz pou manje midi
1:15 – 2:15	Sijè 2: Èske tout anons pou pwosedi yo dwe pibliye nan menm nivo e pou menm kantite moun, oswa èske nou dwe prioritize oswa varye apwòch nou pran an, yon fason pou n evite bonbade abitan yo avèk anons ki soti twò souvan. Si dwe gen varyasyon, n ap pale sou ki kalite pwosedi ki merite nou pibliye yo plis e pou n kontakte plis moun.
2:25 – 2:40	Ti poz
2:40 – 4:00	Sijè 3: Ki metòd ki pi efikas Konpayi Distribisyon yo itilize kounye a pou yo kontakte kliyan yo
4:00 – 5:00	Fè revizyon epi pale de pwochèn etap yo

IV. REGLEMAN RANKONT LANA. Aksè Piblik la genyen

Rankont lan pral fèt sou Zoom pa mwayen videoyo konferans ki layv. Lyen Zoom nan nan Seksyon II ki pi wo a. Mete sou sa, n ap anrejistre videoyo a pou moun ka gade 1 annapre sou paj YouTube Depatman an nan <https://www.youtube.com/channel/UCklPj6xxSKww-Kr26lEZVTA>.

B. Èd Teknik

Si moun k ap fè prezantasyon ak kòmantè yo gen nenpòt difikilte teknik pandan rankont lan, yo dwe rapòte sa nan 857-200-0065. Si w gen kesyon sou yon aspè teknik anvan rankont lan, tanpri, kontakte Laurie Ellen Weisman, Ajan Odisyon, nan [laurie.e.weisman@mass.gov](mailto:laurie.e.weisman@mass.gov), Scott Seigal, Ajan Odisyon, nan [scott.seigal@mass.gov](mailto:scott.seigal@mass.gov), oswa Donna Sharkey, Ajan Odisyon, nan [donna.sharkey@mass.gov](mailto:donna.sharkey@mass.gov).

### C. Moun k ap Fè Prezantasyon

#### 1. Moun yo Deziyen pou Fè Prezantasyon

Fòk moun k ap fè prezantasyon yo idantifye tèt yo sou Zoom lè yo mete non yo okonplè ak òganizasyon yo asosye avè 1 la. Nan rankont lan ap gen yon moun k ap fè siveyans k ap bay moun aksè pou yo prezante (e pou yo fè kòmantè). Pou asire rakont lan fèt nan lòd, Depatman an ak Konsèy la pral rele chak moun k ap fè yon prezantasyon lè se tou pa 1 pou 1 prezante. Lè sa a, moun k ap fè siveyans lan pral mete moun k ap fè prezantasyon an nan nivo oratè yo. Apre prezantasyon an, y ap voye prezantè a tounen nan nivo asistans lan.

#### 2. Videyo

Nou atann moun k ap fè prezantasyon yo pral fè sa avèk videyo ak lè yo “Pataje Ekran” (“Share Screen”) yo. Fòk chak prezantè fè sa 1 kapab pou 1 asire 1 gen ekipman ak entènèt ki nesesè pou 1 ka ouvri videyo li e pou 1 pataje ekran 1 pandan prezantasyon 1 lan.

### D. Kòmantè

Pou tout bagay ka fèt nan lòd, patisipan yo dwe itilize fonksyon “Leve Men” an (“Raise Hand”) ki nan Zoom, oswa yo dwe peze “\*9” nan telefòn yo si se nan apèl yo ye. Ajan Odisyon an pral chwazi patisipan nan lòd yo parèt sou ekran Ajan Odisyon an. Lè 1 fin chwazi yon patisipan, moun k ap fè siveyans lan pral mete 1 nan nivo oratè a pou 1 ka fè kòmantè 1. Apre patisipan an fin fè kòmantè 1 la, y ap mete 1 nan nivo asistans lan ankò. Pou ka gen plis kòmantè posib, Depatman an ak Konsèy la mande pou chak kòmantè pa dire plis pase 3 minit e pou kòmantè yo gen rapò ak sijè y ap diskite nan rankont lan nan moman an. Tanpri, pa repete kòmantè ou te deja depoze alekri.

### E. Prezantasyon ak Kòmantè

Tout moun k ap fè prezantasyon ak kòmantè dwe pale dousman e klèman pou entèprèt yo ak lòt patisipan yo ka byen tandem. Byenke Ajan Odisyon an pral fè efò pou pa gen distraksyon, Ajan Odisyon an gendwa entèwopn yon moun k ap fè yon prezantasyon oswa yon kòmantè pou 1 mande 1 repete yon bagay oubyen pou 1 pale pi dousman.

### F. Aranjman ak Ti Poz Pandan Rankont lan

Rankont lan pral kòmanse a 9:30 a.m. epi 1 pral fini a anviwon 5:00 p.m., depi Ajan Odisyon an pa fè yon chanjman. Pral gen ti poz selon pwogram sa a: yon poz 45 minit a 12:30 p.m. ak yon poz 15 minit a 2:25 p.m. Ajan Odisyon an gendwa modifye pwogram poz la oubyen 1 gendwa pwogramme lòt poz si sa nesesè.

G. Kesyon

Si w gen nempòt kesyon konsènan anons sa a, tanpri, kontakte Laurie Ellen Weisman, Ajan Odisyon, nan [laurie.e.weisman@mass.gov](mailto:laurie.e.weisman@mass.gov), Scott Seigal, Ajan Odisyon, nan [scott.seigal@mass.gov](mailto:scott.seigal@mass.gov), oswa Donna Sharkey, Ajan Odisyon, nan [donna.sharkey@mass.gov](mailto:donna.sharkey@mass.gov).